ÑETTEELU NJÀNG MI: DIGGANTE YI

SELLY RABY KANE
JANT YI

CI TËNK

Jant Yi, te Selly Raby Kane, defarkat film ak defarkatu mode bi joge Senegal def ko, dafa nekk ci benn jamono bu metti bu ñëwagul bu nekk ci sunu bopp ci Dakar. Artist bi dafay jëfandikoo ay baat, ay nit, ak ay teknik yu ñu mëna gis ngir won ñi di seetaan, ay diggante ci biir nit ñi ak eneersi/kattan, ak itam sunu wall bi nu bokk ci jawu ji/environment bi. Jàngkat yi dinañu mëna faramface liy dëgg wute ak li dul dëgg te mëna sos seen lééb.

Li Ni Ci Séentu:

1. Jàngkat yi dinañu mëna soobu ci ay waxtaan ci mbirum Kattan/eneersi jaarele ko ci ay jamono yoo xamantane ci seen biir bopp rekk lay am.
2. Jàngkat yi dinañu mëna wax ci diggante nit ñi, responsabilite, ak jëflante ci diggante boroom doole ak kii ñakk doole.
3. Jàngkat yi dinañu mëna jëfandikoo ay xalaat yu jóge ci ay mbir yu bari ak yu ñu sosal seen bopp ngir ñu mëna ñeme nekkal ëlllëg.
4. Jàngkat yi dinañu mëna amal seen xalaati bopp te mëna sos seen léébu bopp bu leen neex buy wax ci jafe-jafe jawu ji/environment bi.

Tërëlinu Njàng Mi (60 simili):

1. Dalal bi: 5 simili
2. Wone film bi: 5 simili
3. Weccoo xalaat ci ay mbooloo yu ndaw: 15 simili
4. Waxtaanak ki nekk sa wet: 10 simili
5. Aktiwite yi: 20 simili
6. Tëj waxtaan wi: 5 simili

Baat Yu Am Solo: Soppiku Kilimaa bi, Ñi Bokk Dëkk, Jamono bu metti bu ñëwagul, Eneersi/Kattan, Liggéey, Ngëm-Ngëm, Petarol bi ñuy génne ci gééj, Boroom xam-xam bu kawe, Jëflante ci diggante boroom doole ak kii ñakk doole, Dëkkalaat/Beesalaat, Lééb

Jumtukaay:

1. Siso **2.** Kayit yi ñuy wara defe actiwite yi (ñu tiire leen) **3.** Li ñuy binde (crayons, big, ay markëër walla)

1 UBBITE BI (5 SIMILI)

Dalal jangkat yi

Tay, danuy seetaan benn film buy jaxase diggante bi nekk ci janeer, ngëm-ngëm ak dëgg. Dinanuy liggéévandoo ngir mëna xam bu baax li nekk ci film bi te xalaat ci baatum diggante. Ci leeral, dinanu faramfacce jokkoo bi am ci diggante nit ñi ci seen biir, ak Kattan/eneersi ak sunu diggante ak jawu ji. Danuy waxtaan léégi ci ay baat yu nu mëna leeralal bu baax ci naka la artist bi di jottale ay xalaatam.

L: Naka ngeen di tekke lééb bu metti bu nekk bu nu xalaat?
T: Lééb bu tiis dafay wax ci benn nekkin walla gox bu nu xalaat boo xamantane mettit bu tar walla lu dul yoon daf fa am.
L: Naka ngeen di tekke baatu “Ngëm-Ngëm”?
T: Ngëm-Ngëm mooy ay ngëm yu nu dajale la, te mu aajowoo ci wall diine walla ay aada.
L: Noo leen di tekke baatu “lééb”?
T: Lééb mooy lu ñu nettali te ñu janeer ko ngir mëna indi ay coppite ci sunu nekkin walla sunu jawu ji ci wallu science ak teknologie ngir sunu ëllëg.

Nanu bayyi xel baat yii ci sunu biir njàngum tay.

2 WONE FILM BI (5 SIMILI)

Dinanu seetaan film bi, te mu tudd Jant Yi, te artist bu tudd Selly Raby Kane def ko.

JËF: Bunuy seetaanandoo film bi, nanu fexe xalaat ci lii

1. Lan ci film bi moo nekk lu nu janeer ci seen xalaat, ak lan ngeen xalaat mooy dëgg?
2. Yan diggante noo am ci film bi te naka lanu doxe?

3 SOTTEENTE XALAAT CI MBOOLOO (15 SIMILI)

Xalaatleen ci film bi nu seetaan sanq ak li ngeen ci gis

L: Lan moo new ci seen xel joge ci film bi?
L: Lan la film bi di wone fii?
L: Lan la njiit yi di jééma góób walla dajale? Ci naka lañu ko defe walla lutax ñu def ko?
L: Ñan ñoo gëna fës ci film bi?
L: Ban jote bu mag moo nekk ci film bi? Yan bëgg-bëgg yu wute ñoo nekk ci film bi?

i nit ñi ci film bi ak ni ñuy liggééye nekke ay lééb, am na yeneen fànd ci film bi yu ànd ak dëgg.

L: Yan fànd ci film bi ngeen xalaat ne ay lééb la ak yann noo nekk ay ngëm-ngëm?
L: Yan fànd ci film bi ngeen gis ne noo gëna jege dëgg walla ngeen mëna gëm?
T: Liggeey ci li nu jawu ji jox, Jëflante ci diggante boroom doole ak kii ñakk doole, Sangomaar.

Tontu yu mag yi. Lééb yu tiis yi ci film bi dañuy wone ragal ci lu nekk ci "resources naturel yi" nit ñi am doole ak jawu ji.

L: Lan la ki def film bi di ñu yëgal jóge ci kompalóó bi walla nit ñi nekk ci film bi?
L: Naka la ñi nekk ci film bi lëkkëloo ngir mëna sos ab adduna bu bees?
L: Naka la jawu ji ame jëriñ ci nit ñi ci film bi?

4 WAXTAAN AK KI NEKK SA WET (10 SIMILII)

Jublul ci ki nekk sa wet. Jéém leen tontu laaj yii di ñëw!

Ci film bi, diggante yi gëna am solo ci nit ñi ak li leen wër ñungi ci petarol bi ñuy root ci Sangomaar ci ndox mi. Su fekkee sax petrol bi ak gaz bi am na ay mbëgte ci walla koom, waaye am na ay jafe-jafe yu mu jural nit ñi ak jawu ji.

L: Fatteliku ngeen Sangomaar ci film bi?
L: Lan mooy Sangomaar?
L: Lan moo dal Sangomaar?
L: Lu moo tax boroom xam-xam bu kawe bi ci film bi laaj ki gëna fës ci film bi mu tëkku li nguur gi bëgga root petarol boobu?
L: Naka la rootum petarol ak gaz gi di indee ay galankoor ci sunu addunu bi?
L: Naka la lii di nu jàngale ci sunu responsabilite kenn ku nekk ci sa bopp ak ñun ñëpp boole ci sunu diggante ak jawu ji?

Laaj leen ñu wax ci li ñu ci xalaat jóge ci seen waxtaan!

5 AKTIWITE: SURNAL BUY WONE ËLLËG (20 SIMILII)

Jangkat yi dinañu def seen liggééyu bopp ngir sos benn surnal bu ndaw, buy wone seen yaakaar bi ñu am ci jawu ju ànd ak karaange ngir ëllëg gu neex.

Selly Raby Kane, di defarkatu film, dafay jëfandikoo ay ngëm-ngëm ak ay janeer yuy wax ci ëllëg ngir yee nit ñi ci musiba yi nekk ci diggante nit ñi ak jawu ji. Artist bi dafa nuy bayyil yoon ngir nu mëna xalaat ci naka lanu mëne indee ay saafar ci musiba yooyu.

Léégi, jàngkat yi dinañu mëna xalaat ci benn diggante bu nekk ci nit ñi ak lenn ci jawu ji te mu yitteel leen ngir def benn surnaal buy wone ay xalaat yuy yeete.

Jéégo **1** Laajal jangkat yi nu xalaat ci laaj yii balaa nuy nafar seeni surnal.

1. Ban diggante nga gis bu nekk ci nit ñi ak jawu ji te mu neex la lu mel ni resikalaas, napp, mbay, lekk, colin bu gaaw ak yeneen.?
2. Ci yan yoon lañu mënee defare diggante boobu ba mu gëna baax? Ci yan yoon la diggante boobu mëna indil jawu ji ay saafara ?
3. Joxeel ay jéégo yu am njëriñ walla ay jëf-jëf yu mag you mëna jóge ci diggante boobu te ëllëg mëna joxe jawu ju ànd ak kaarange. Jëfandikool surnaal bi ngir bokk ak mbooloo mi say xalaat yi nga jaarale ci desine ak ay baat.

Jéégo **2** Waajalal say matariyel. Jàngkat yi dinañu soxla ay sisó, ak kayitu surnaal bi walla kayit bu amul bind fu ñu mëna desinee seen misaal. Jàngkat yi dinañu soxla itam lu ñu mëna bindee ni big, karayoŋ, markëër, ak yeneen).

Jéégo **3** Toppal li ñu la wax nga def ni ñu la ko digale ci kayitu surnaal bi ngir fexe ba jangkat yi mëna dagg te lem seen surnaal kenn ku nekk.

Leeral: Lii, mën nga ko soppi ni aktiwite ak ñaari nit walla ab mbooloo.
Leeral: Fexeel ba waajal yii lu teel su fekkee kalaas bi du am jot bu doy.

Jéégo **4** Joxal jàngkat yi jot gu doy ngir nu mëna defar seen surnaal, te nu mëna sotti seeni xalaat jóge ci jéégo bu njëkk jaarale leen ci ay desine ak mbind.

Jéégo **5** Laajal ñaar ba ñetti jàngkat ñu wax ci seen liggéey ci kalaas bi.

6 CI JEEXAL (5 SIMILI)

Tay xool nañu sunu diggante kenn ku nekk ak ñun ñëpp bi ñu am ak jawu ji. Film bi Jant Yi won na ñu ay yoon yu bari yu ñu mëna faramfaccee xalaat yooyu.

Laaj yi ngir tëj waxtaan wi:

L: Fan moo la gënoona neex ci film bi walla ban njàngat tay?
L: Naka la artist bi jëfandikoo janeer ak ngëm-ngëm ngir génne jafe-jafe yi nekk ci jawu ji?
L: Lan ngeen jàng ci li di seen wall walla seen diggante ak jawu ji?
L: Yan jef yu mu gëna ndaw yu nu mëna def ngir aar li nu wër?
L: Am ngeen yeneen laaj walla loo leen ciy dolli balaa nuy tëj njàngum tay bi?

FARAMFACE BAAT YI:

Soppeeku kilimaa bi: Ab soppeeku ci ni kilimaa di deme ci adduna bi walla ci gox bu gëna ndaw, lu ci ëpp soppeeku bi doore ci téémééri at yii jall te ñu jagleel ko yokkutéém saxaar si ci kaw jawu ji te mu jóge ci nit ñi ci seen jëfandikoo petarol ak yu ni mel.

Ñi Bokk Dëkk: Nit ñu daje bokk dëkk ci genn gox walla am li ñu bokk.

Jamono bu metti bu ñëwagul: Lééb bu tiis dafay wax ci benn nekkin walla gox bu nu xalaat boo xamantane mettit bu tar walla lu dul yoon daf fa am.

Kattan/Eneersi : Doole buy joxe leeral, tangaay walla kuraŋ

Liggéey: Daan sa doole, rawatina liggéey ak say loxo

Ngëm-Ngëm: Ay ngëm-ngëm yu nu dajale la, te mu aajowoo ci wall diine walla ay aada.

Petarol bi ñuy génne ci gééj: Ni ñuy gasee ay pax ci gééj gi, dex gi, walla déég ngir am petarol.

Boroom xam-xam bu kawe: Benn buur bu jigéén buy gisaane te muy joxe ay tegtal walla yonnéént bu joge ci Yalla yi ci jamono bu njëkk ba.

Jëflante ci diggante boroom doole ak kii ñakk doole: Ni nit ñu bokkul walla ab mbooloo di jëflantee te benn boor bi ëpp doole beneen boor bi.

Beesalaat: Fexe ba mu beesaat, defaruwaat, delloo ko nu mu meloon, te am yéene fexe ba mu baax ci kaw li yaquwoon walla li nu ñakk.

Lééb: Lééb mooy lu ñu nettali te ñu janeer ko ngir mëna indi ay coppite ci sunu nekkin walla sunu jawu ji ci wallu science ak teknologie ngir sunu ëllëg.

SURNAAL BUY WAX CI ËLLËG (AKTIWITE, DESINE LEEN BENN SURNAAL BU NDAW)

SELLY RABY KANE
JANT YI

1. Lu njëkk, jëfandikool misaal bii ngir defar sa surnaal te boole ci say yaakaar ak gént ngir jawu ji àndak kaarange ngir sunu ëllëg.
2. Boo dajalee say xalaat ba pare, xottil benn kayit bu amul bind te lem ko ngir defar sa surnaal.

Paas 4	Paas 3	Paas 2	Paas 1
Paas 5	Paas 6	Ci ginnaaw	Ci kanam